

LWA NEW JERSEY YO ENTÈDI MOVE KLASIFIKASYON TRAVAYÈ YO

AVI SOU DWA ANPLWAYE YO & RESPONSABLITE PATWON YO

KISA YON MOVE KLASIFIKASYON YE?

- Move klasifikasyon se pratik yon patwon ki klase anplwaye yo yon fason enkòrèk kòm antreprenè endepandan.
- Move klasifikasyon ka anpeche travayè yo benefisye ilegalman dwa fondamantal yo, pwoteksyon ak avantaj yo garanti anplwaye tankou dwa pou yo touche **salè minimòm nan**, dwa pou yo touche **lè siplemantè**, pwoteksyon sou **lè ak metòd pou touche**, pwoteksyon kont **dediksyon ilegal** sou salè yo, **konpansasyon lè w nan chomaj**, **pansyon pou enkapasite tanporè**, **benefis asirans konje fanmi**, **konpansasyon pou travayè**, **konje fanmi** ak **konje maladi**.
- Souvan lè yo peye travayè yo lajan kach “anba tab”, se kapab yon metòd pou kache move klasifikasyon oswa lòt travay ki gen rapò ak obligasyon legal yo.

ÈSKE MWEN SE YON ANPLWAYE OSWA YON ANTREPRENÈ ENDEPANDAN?

- Daprè Lwa New Jersey sou Konpansasyon pou Chomaj, Lwa sou Salè ak Orè, Lwa sou Peman Salè, Lwa sou Koleksyon Salè, Lwa sou Pansyon pou Enkapasite Tanporè (ki gen ladan l seksyon ki bay Asirans pou Konje Fanmi) ak Lwa sou Konje Maladi Peye, si ou fè yon sèvis epi y ap peye w, **yo sipoze ke w se yon anplwaye**, sòf si patwon an ka pwouve tout twa bagay ki vin annapre yo:
 - (A) Yo ba w garanti w ap kontinye travay san w pa anba kontwòl oswa direksyon pandan w ap bay sèvis sa, ni sou kontra sèvis la; e
 - (B) Sèvis la swa se yon sèvis ki pa gen rapò ak aktivite nòmal biznis la konn fè, oswa se yon sèvis kote l ap fèt la an deyò tout espas biznis antrepriz la; e
 - (C) Ou abitye angaje nan yon komès, okipasyon, pwofesyon oswa biznis endepandan ki etabli.
- Yo rele sa sa “**ABC test**” nan New Jersey kòm estati antreprenè endepandan.
- Tanpri ale sou **www.myworkrights.nj.gov** gov pou aprann plis sou faktè yo konsidere pou chak nan twa tès pi wo yo.

ÈSKE MWEN DWE PWOUBE KE MWEN SE YON ANPLWAYE?

- Non. Si w te travay epi yo te peye w, yo sipoze ke w se yon anplwaye. Se **responsablite patwon an** pou li demontre ke li reponn ak toule twa pati sa yo nan tès ABC a.
- Si patwon an pa kapab reponn responsablite li pou etabli toule **twa** pati nan tès ABC a, alòs ou se yon anplwaye, ki gen dwa, pwoteksyon ak avantaj tout anplwaye dapre lwa New Jersey ki site pi wo a.
- Si w santi yo mal klase w, ekri nan **misclass@nj.dol.gov**.

ÈSKE LI ENPÒTAN SI MWEN RESEVWA YON IRS FORM 1099, KONTRÈMAN AK YON IRS FORM W-2?

- Non. Li pa gen okenn rapò ak fòmilè taks federal patwon an itilize pou rapòte salè a.
- Sa ki enpòtan se enfòmasyon ki konsène relasyon travay ou ak patwon an ak enfòmasyon sou aplikasyon tès ABC a.

SI PATWON MWEN AN TE FÈ M SIYEN YON AKÒ ANTREPRENÈ ENDEPANDAN ANVAN M KÒMANSE TRAVAY, ÈSKE SA FÈ M VIN YON ANTREPRENÈ ENDEPANDAN POU SA?

- Non. Yo defini sitiyoasyon travay ou sou baz yon analiz tout enfòmasyon ki konsène relasyon w avèk patwon w dapre tès ABC a.
- NJ DOL ka revize akò ou te siyen an men akò sa a poukont li pa ka defini relasyon travay ou a.
- Tribinal New Jersey yo te deside voye jete ide pou konsidere sèlman akò a, si gen youn ki egziste, san yo pa konsidere totalite enfòmasyon ki konsène relasyon w avèk prezime patwon a, se t ap “privilejye fòm nan sou fon an”, ki, selon tribinal yo pa bon.

KISA KI RIVE LÈ YON AJANS PIBLIK OSWA YON TRIBINAL JWENN YON PATWON TE MAL KLASE YON ANPLWAYE ANTANKE YON ANTREPRENÈ ENDEPANDAN?

Anplis de prim pou konpanse anplwaye a paske yo te mal klase l oswa ajans piblik pou vyolasyon patwon a dapre salè, benefis oswa lwa sou taks nan New Jersey (pa ekzanp, prim retroaktif sou salè pou anplwaye a ki mal klase yo te anpeche benefisyè ilegalman de salè minimòm legal oswa peman prim siplemantè anrapò ak vyolasyon Lwa Eta a sou Salè ak Lè, oswa moun yo te fè dediksyon ilegal sou salè yo anrapò ak vyolasyon lwa Eta a sou Peman Salè), lwa New Jersey a ranfòse tou Department of Labor and Workforce Development yo pou pran **mezi** epi enpoze **penalite** kont yon patwon ki mal klase anplwaye l yo, gen ladan:

- Yon **penalite yon patwon ap gen pou peye yon anplwaye** ki mal klase pap depase 5 pousan nan salè brit travayè a pandan 12 mwa ki sot pase yo.
- Yon **penalite jiska \$ 250 pou chak anplwaye ki mal klase pou yon premye vyolasyon epi jiska \$ 1,000 pou chak anplwaye ki mal klase pou chak vyolasyon ki vin ajoute.**
- Pou vyolasyon lwa Eta a sou salè, benefis oswa lwa sou taks an rapò avèk move klasifikasyon anplwaye yo, enpozisyon
 - › Yon **lòd pou sispansyon travay.**
 - › Yon **sispansyon oswa revokasyon youn oswa plizyè pèmi patwon a genyen** e ki nesesè pou fè biznis li mache.

- › Penalite ak lòt kalite frè pou peye bay Depatman an ak lè se salè yo dwe anplwaye a, yon kantite lajan anplis kòm domaj e enterè likid yo dwe peye anplwaye a yon montan ki egal ak salè a oswa ki pa depase 200 pousan.

ÈSKE MWEN PWOTEJE KONT REPREZAY PATWON MWEN AN POUTÈT MWEN RAPÒTE YON MOVE KLASIFIKASYON

- Anplwaye yo pwoteje kont reprezay patwon yo paske yo te mande yon ankèt oswa depoze yon plent kont patwon a, bay Commissioner of Labor la oswa yon reprezantan otorize konsènan nenpòt ki vyolasyon posib patwon a ta ka fè kont lwa Eta a sou salè, benefis oswa taks, ki gen ladan l kesyon sa yo oswa plent ki enplike move klasifikasyon, oswa paske anplwaye a pwovoque oswa sou wout pou pwovoque nenpòt ki pwosedi dapre oswa an rapò ak lwa Eta a sou salè, benefis oswa taks, oswa paske anplwaye a te temwaye oswa li sou wout pou ta temwaye nan yon pwosedi konsa.
- Lè ke jan de reprezay sa yo rive, lalwa otorize Depatman bay yon penalite administratif kont patwon an; sepandan, se sèl tribinal yo lalwa otorize pou bay lòd pou reyentegrasyon ak/oswa pou peye aryere salè.

FASON POU RAPÒTE YON MOVE KLASIFIKASYON

Si yo te mal klase w epi ou ta renmen fè yon reklamasyon, ou ka fè sa isit la:

<https://wagehour.dol.state.nj.us/default.htm>

Chèche plis enfòmasyon:

IMÈL: misclass@dol.nj.gov	RELE: 609-292-2321	FAKS: 609-292-7801	EKRI: Employer Accounts Subject – Misclassification NJ Department of Labor and Workforce Development 1 John Fitch Plaza P.O. Box 942 Trenton, NJ 08625-0942
-------------------------------------	------------------------------	------------------------------	---

- IKèlkeswa fason ou te chwazi pou kontakte nou, gen anplwaye ki pale plizyè lang ki la pou ede w e gen sèvis tradiksyon ki disponib si sa nesèsè.
- Ou ka ale tou sou www.myworkrights.nj.gov pou aprann plis sou move klasifikasyon.

METE AFICH SA A YON KOTE POU MOUN WÈ



NJ.GOV/LABOR